



1. SA OU BEZWEN POU VOTE NAN ELEKSYON PRIMÈ A
2. SA OU BEZWEN POU VOTE NAN ELEKSYON MWA NOVANM NAN
3. SA OU DWE KONNEN POU VOTE NAN PENNSILVANI

#### ENFÒMASYON POU ELEKTÈ YO NAN PENSILVANI.

1. Genyen yon primè pou Gouvènè, Senatè Etazini, ak nan dat MADI 17 ME. [Verifye Gid pou Bilten Vòt](#) nou an pou plis enfòmasyon sou tout biwo vot yo.
2. Genyen yon eleksyon pou Gouvènè, Senatè Etazini, ak nan dat MADI 8 NOVANM lan. [Verifye Gid pou Bilten Vòt](#) nou an pou plis enfòmasyon sou tout biwo vot yo.

#### Ou pa t janm enskri anvan? Ou te deplase depi dènye vòt ou?

Si ou pa te janm konn vote anvan premye etap la se pou enskri. Si yon bagay chanje depi dènye vòt ou a, nouvo adrès, chanje non oswa ou vle chanje pati politik, ou swete mete ajou enskripsyon ou an. Li enpòtan pou ou enskri ak adrès aktyèl ou konsa ou kapab jwenn bon bilten vòt la, espesyalman si ou gen plan pou ou vote pa mwayen lapòs.

1. Dat limit lan se **Lendi 2 Me**. Ou kapab enskri oswa mete ajou adrès [entènèt ou an nan Depatman Eta PA](#).
2. Dat limit lan se **Lendi 24 Oktòb**. Ou kapab enskri oswa mete ajou adrès [entènèt ou an nan Depatman Eta PA](#).

#### Dat kle pou vote pa mwayen lapòs oswa Bilten Vòt Absan

1. Dat limit pou [fè demann yon bilten vòt pa mwayen lapòs oswa yon bilten vòt absan](#) anvan Eleksyon Primè a se **10 Me 2022**. **Yo rekòmande pou fè demann nan anvan 29 Avril.**
2. Dat limit pou [fè demann yon bilten vòt pa mwayen lapòs oswa yon bilten vòt absan](#) anvan Eleksyon Jeneral la se **1 Novanm 2022**. **Yo rekòmande pou fè demann nan anvan 21 Oktòb.**

Si ou vle enskri an pèsòn, oswa sou papyè, rele **1-877-VOTESPA** pou ede w.

---

## OU GEN DWA!

Ou kapab enskri epi vote si ou se:

- Yon sitwayen Etazini
- Ou genyen 18 lane oswa plis nan Jou Eleksyon an
- Yon rezidan nan Pennsilvani

Nenpòt moun ki elijib gen dwa pou vote. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou eleksyon an, pou jwenn èd pou nenpòt pwoblèm ki konsène vòt, oswa pou deklare yon pwoblèm sou Jou Eleksyon an, ou kapab rele youn nan liy asistans sa yo ki pa gen pati:

Anglè: **866-OUR-VOTE (866-687-8683)**

Komite Avoka pou Dwa Sivil Selon Lalwa

Espanyòl ak Anglè: **888-VE-Y-VOTA (888-839-8682)**

Fon Pou Edikasyon NALEO

(عربي Arab ak Anglè: 844-YALLA-US **(844-925-5287)**)

Arab American Institute (AAI)

Mandaren, Kantonè, Koreyen, Vyetnamyen, Tagalòg, Oudou, Indi, Bengali ak Anglè - **888-API-VOTE (888-274-8683)**

APIAVote & Asian Americans Advancing Justice (AAJC)

Apèl videyo pou lang siy Ameriken: **301-818-VOTE (8683)**

National Association of the Deaf (NAD)

Ou kapab rele biwo eleksyon eta a tou pou jwenn èd, ki genyen ladan fason pou jwenn kote biwo eleksyon vil ou an oswa konte ou a ye nan: **1-877-VOTESPA**

---

## KONNEN DWA OU YO

### ENSKRI POU VOTE

**Sa pa gen lontan mwen te enskri pou m vote. Kijan mwen ka asire mwen vrèman enskri?**

Sa pran kèk jou pou biwo eleksyon konte a wè fòmilè enskripsyon ou an epi ajoute ou nan lis la.

- Ou kapab asire estati enskripsyon ou an pandan w ap rele komisyon eleksyon konte ou an oswa ale sou entènèt la nan <http://www.pavoterservices.pa.gov/Pages/voterregistrationstatus.aspx>

- Si ou jwenn yon notifikasyon, yo te refize enskripsyon ou an, oswa ou gen yon kesyon, rele **866-OUR-VOTE** pou jwenn asistans.

**Mwen se yon elektè ki enskri, men sa pa gen lontan mwen te demenaje. Èske mwen toujou enskri pou vote?**

- Wi. Men, si ou vle vote toupre nouvo kay ou an, oswa si ou vle vote pa mwayen lapòs, ou pral bezwen mete ajou enskripsyon ou an avèk nouvo adrès ou an. Ou kapab chanje adrès ou an [sou entènèt ak Eta Depatman PA](#). Si ou vle enskri an pèsòn, oswa sou papyè, rele **1-877-VOTESPA** pou ede w.
- Ou kapab retounen tou nan ansyen biwo vòt ou an epi vote la. Si ou te demenaje sa genyen mwens pase 30 jou anvan yon eleksyon, ou dwe vote nan ansyen biwo vòt ou an. Si ou kite eta a, ou bezwen enskri pou vote nan Pennsilvani.

**Èske mwen ka enskri epi vote si mwen gen yon kazye jidisyè?**

- [Wi, ou ka vote](#) depi ou pa nan prizon nan moman an pou yon krim. Ou ka vote si ou nan pwobasyon oswa si ou nan libète kondisyonèl, si ou nan detansyon lakay ou, oswa si w ap pije yon pèn pou kondanasyon pou deli.

**Mwen fèt Pòtoriko. Èske m ka vote nan Pennsilvani?**

- Si ou fèt Pòtoriko, otomatikman ou se yon sitwayen Etazini epi ou kapab enskri pou vote nan Pennsilvani (oswa nan eta w ap viv la).

***Lè ou vote oswa menm enskri pou vote lè ou pa sitwayen Etazini se yo krim epi sa ka anpeche w vin yon sitwayen.***

**VOTE PA MWAYEN LAPÒS**

**Kouman mwen kapab fè demann yon bilten vòt pa mwayen lapòs?**

- Voye yon aplikasyon pa mwayen lapòs oswa voye yon bilten vòt pou absans bay [votesPA.com](#).

**Kisa pou m fè si yo refize demann vòt mwen an pa mwayen lapòs?**

- Si ou jwenn yon notifikasyon ke yo te refize demann ou an, rele **866-OUR-VOTE** pou jwenn yon asistans avoka gratis.

**Kilè m ap resevwa bilten vòt mwen an?**

- Selon lalwa, konte a dwe voye bilten vòt ou an pa mwayen lapòs ou a nan de semèn anvan eleksyon an. Si li pa vini, oswa si ou pèdi l, oswa si ou fè yon erè pandan w ap make nan bilten vòt la, rele biwo eleksyon konte ou a pou jwenn yon lòt.
- Ou kapab verifeye oswa swiv bilten vòt ou an nan <https://vote.pa.gov/mailballotstatus>

### Èske yon lòt moun ka depoze bilten vòt lapòs mwen an pou mwen?

- Ou dwe retounen bilten vòt ou oumenm. Si ou gen yon andikap, ou ka dezinye yon lòt moun pou retounen bilten vòt ou an lè ou ranpli [fòmilè Ajan Dezinye ki Otorize a](#) nan **www.VotesPA.com**.

### Èske mwen ka chanje ide mwen sou vòt pa mwayen lapòs la aprè mwen fin aplike?

- Wi. Pote bilten vòt ou an ak anvlòp pou retounen an nan biwo vòt ou an nan jou eleksyon an. Moun k ap travay nan biwo vòt la ap anile li, epi w ap ka vote an pèsòn nan yon kabinè vòt. Si ou pa gen bilten vòt ou an, w ap vote sou yon bilten pwovizwa.

### Èske vòt mwen an pral vrèman konte si mwen vote pa mwayen lapòs?

- Pa gen okenn pwoblèm pou vote pa mwayen lapòs. Genyen kontwòl yo mete an plas ki ka evite vòt ou an pa konte. Si ou panse lapòs te pèdi l, oswa si ou pèdi li lakay ou, ou ka rele biwo eleksyon konte ou an epi mande yon lòt. Chèche biwo eleksyon konte ou a sou Google, oswa rele **1-877-VOTESPA** pou ka konekte.

### Pou bilten vòt ou an konte ou dwe:

- Mete bilten vòt ou an ki make a nan anvlòp sekre a, sa ki make "Bilten Vòt Ofisyèl. la" Fèmen anvlòp la epi pa make anyen sou anvlòp sa a
- Mete anvlòp sekre fèmen an nan dènye anvlòp pou tounen an ki adrese pou konte a
- Ou DWE siyen epi ekri ak men dat la sou anvlòp pou retounen an.
- Si ou pa siyen epi ou pa ekri dat la sou anvlòp la, yo PA P konte vòt ou an.

## VOTE AN PÈSÒN

### Ki kote pou m al vote?

- W ap ka jwenn kote pou w al vote nan [vote.pa.gov](http://vote.pa.gov), lè w rele **866-OUR-VOTE** oswa lè w rele biwo eleksyon konte ou an.

### Èske m ap bezwen yon pyès ID pou m vote an pèsòn?

- Non. Se sèlman elektè k ap vote premye fwa nan lokal vòt li a k ap bezwen vini ak yon pyès idantite. Ou ka itilize yon pyès ID ak foto, ki genyen ladan yon salarye oswa kat ID etidyan si ou gen youn. Epitou ou ka itilize yon pyès ID ki pa gen foto, tankou yon fakti sèvis piblik oswa relve bankè ki gen adrès ou. Yo pa ta dwe mande w pyès ID pou vote si ou te deja vote nan lokal vòt sa a anvan.

### E si yo di mwen pa nan lis elektè yo?

- Anvan, mande responsab elektoral la pou verifye lis la ankò oswa pou gade nan rejis vòt siplemantè a (yon lis ki gen dènye modifikasyon yo nan lis elektoral yo). Mande pou eple non w. Si ou kwè ou nan bon biwo vòt la men non w pa nan lis elektoral la, mande yon bilten vòt pwovizwa, yo gen obligasyon pou ba w youn. Tanpri deklare eksperyans ou a nan **866-OUR-VOTE**.

### **Kisa yon bilten vòt pwovizwa ye?**

- Yo itilize yon bilten vòt pwovizwa pou anrejistre vòt ou a lè genyen yon kesyon sou elijiblite w oswa si ou te mande yon bilten vòt lapòs. L ap konte si responsab elektoral yo deside ou elijib pou vote.

### **Èske yo ka defye dwa m pou m vote nan eleksyon an?**

- Wi, men sèlman pou kèk rezon epi ak kèk moun. Yon responsab elektoral, yon obsèvatè eleksyon, oswa lòt elektè pa ka defye dwa yon elektè, sèlman si yo panse elektè a p ap viv nan sikonskripsyon an oswa li pa moun elektè a panse li ye a.

#### **1. DAT KLE POU PRIMÈ**

- Enskri pou vote: 2 Me.
- Mande yon bilten vòt lapòs anvan 10 Me, anvan 5 p.m. Yo rekòmande pou fè demann nan anvan 29 Avril.
- Tounen bilten vòt lapòs la anvan 17 Me, anvan 8 p.m. Yo rekòmande pou tounen l anvan 11 Me.

#### **2. DAT KLE POU ELEKSYON JENERAL LA**

- Enskri pou vote nan dat 24 Oktòb la.
- Mande yon bilten vòt lapòs nan dat 1 Novanm lan. Yo rekòmande pou fè demann nan anvan 21 Oktòb.
- Tounen bilten vòt lapòs la anvan 8 p.m. 8 Novanm. Yo rekòmande pou retounen l anvan 2 Novanm.

#### **Avi pa gen responsablite**

*Gid sa a se pou vote nan Pennsilvani li pa yon avi legal. Si ou gen kesyon sou elijiblite oswa dwa, tanpri rele 866-OUR-VOTE oswa konsilte yon avoka.*

**Pou plis enfòmasyon, vizite [vote.pa.gov](https://www.vote.pa.gov)**